

## RANGKUMAN MATERI US BAHASA JAWA

### 1. Geguritan

- Geguritan yaiku puisi Jawa kang wis ora nganggo paugeran utawa ora kaiket aturan kaya dene macapat.
- Negesi tembung kang ana ing teks geguritan

Tuladha:

#### *Kentir ing Ombyak Majuning Jaman*


Anggitane: Sri Sunarsih

Ing pratelon,  
Saweneh simbah nggendhong tenggok  
Sapecak maju sapecak mundur  
Kumliwering sato galak kang ombene pet  
Kanthi swara cumengkling lan asepe nggembuleng  
Gawe mamanging ati nugel dalam  
    Bagaskara kemul mega eseme tan kawistara  
    Swaraning kukila ceciyetan  
    Sesautan rebut dhisik mulih menyang susuhe  
    Dhuh Gusti,  
Majuning jaman malah gawe getiring ati  
Dhek wingi aja maneh wanci surup rep  
Byar padhang bae kahanane nyenyet

Arti kata sulit

- Pratelon = pertigaan
- Sawenah = sawetara
- Sapecak = secuil/sethithik
- Kumliwering = ting sliwer
- Pet = lenga/petro
- Cumengkling = kemlengking
- Mamang = ragu
- Bagaskara = srengenge
- Kawistara = ketara
- Kukila = jinising manuk

### 2. Tokoh Yudhistira








- Yudhistira utawa Puntadewa putrane Pandhudewanata
- Pambarepe pandhawa
- Duwene watek jujur, luhur budine, ora seneng perang
- Ratu ing Ngamarta

3. Unggah ungguh basa

- Unggah ungguh basa kaperang dados 2, yaiku:
  - Ngoko
  - Krama
- Basa krama kang ana ing tema tradisi
  - Luhur = adiluhung
  - Nonton = mirsani
  - Wayang = ringgit

4. Sandhangan swara

Nama sandhangan	Aksara Latin	Aksara Jawa
wulu	i	
suku	u	
taling	e'	
pepet	e	
Taling tarung	o	 2

Tuladha panganggone sandhangan swara

- Banyu mili =




5. Crita rakyat

- Crita rakyat kang ing jagad internasional dikenal kanthi jeneng folklore.
- Jinising crita rakyat : legenda, sage, mythe.
- Unsur intrinsik crita rakyat : tema, paraga, alur, latar, amanat

6. Perangane sesorah/pidhato

- Perangane sesorah saora-orane kudu ana purwaka, surasa, lan panutup.
- Perangane sesorah bisa uga dipun wilang dados:
  - Salam pambuka
  - Atur pakurmatan
  - Purwaka
  - Surasa
  - Dudutan
  - Panutup
  - Salam panutup

7. Crita wayang
  - Negesi tembung ing crita wayang
    - Raja pati = pepaten
    - Linuwih = lewih
    - Kasinungan kadigdayan = katitipan kesakten
    - Caping = tudhung
    - Bandayuda = paperangan
8. Unggah ungguh basa = no. 3
9. Pasangan aksara Jawa



Tuladha panggone pasangan aksara Jawa

- Rotan kayu =
- Golek kayu =

10. Pitutur luhur kang ana ing tembang Pangkur
  - Pitutur kuwi padha karo nasihat.
  - Saben wong mesthi butuh pitutur luhur awit saben wong kuwi ora sampurna.
  - Tembang Pangkur duwe watek sereng, greget, srengen, mathuk kanggo pitutur.
  - Tuladha tembang Pangkur
    - Sekar Pangkur kang winarna
    - Lelabuhan kang kanggo wong aurip
    - Ala lan baecik puniku
    - Prayoga kawruhana
    - Adat waton punika dipun kadalu
    - Miwah ingkang tata krama
    - Den kaesthi siyang ratri
  - Tegese tembung:
    - Sekar Pangkur = tembang Pangkur
    - Winarna = dianggit/dikarang

- Lelabuhan = kabecikan/jasa
  - Prayoga = pantes
  - Kawruh = ngelmu
  - Waton = patokan/paugeran
  - Kadalun = kadeleng
  - Miwah = karo/lan
  - Kaesthi = niat
  - Siyang = awan
  - Ratri = wengi
- Pitutur becik tembung Pangkur : wong kang becik iku kudu duweni tata krama kang dinggo pathokan nglampahi urip awan wengi lan ning saben papan.

#### 11. Cita legenda

- Legendha yaiku dongeng kang gegandhengan karo dumadine sawijining panggonan.
- Tuladhane : legenda Rawa pening, legendha Tangkuban Prau, legendha Salatiga, lsp.
- Unsur intrinsik cita legendha :
  - Tema : gagasan baken ingkang dados dhasaring acriyos.
  - Paraga : purasa ingkang nglakokake cariyos/tokoh.
  - Penokohan : wateke paraga
  - Alur : rerangkening cariyos.
  - Latar : panggenan, wekdal, swasana kadadosanipun prastawa.

#### 12. Negesi tembung kang ana ing cita wayang Pandhawa ( Srikandi Madeg Senapati)

- Pesanggrahan = papan panggonan kanggo tamu
- Pasewakan = kumpulan
- Rawuh = teka
- Gugur = nemahi pati
- Dikdaya = sekti
- Kepungkur = wis keliwat

#### 13. Peristiwa budaya ( mangsuli pitakon kang gegayuhan karo prastawa budaya)

- Mangsuli pitakon bab unsur intrinsik cita = no 11

#### 14. Negesi tembung kang ana ing cita prastawa budaya

- Grebeg = upacara kanggo mengeti prastawa tertemtu.
- Para nata = panguasa/pejabat
- Tindak = kesah/lunga
- Miyos = liwat
- Busana = ageman/klambi
- Bujana = panganan/hidangan
- Kutha = kota

#### 15. Dasanama = sinonim = persamaan arti kata

- Bapa = rama
- Bumi = bawana
- Dalan = gili
- Mlebu = manjing
- Anak = putra = siwi

16. Mangsuli pitakon bab crita Gathutkaca Gugur

- Apa
- Sapa
- Kapan
- Geneya
- Lsp

17. Mangsuli pitakon teks crita pengalaman

- Apa
- Sapa
- lsp

18. Negesi tembung kang ana ing crita pengalaman

19. Negesi tembung kang ana ing tembang Kinanthi

Kinanthi

Yen wis tinitah dadi wong agung  
Aja sira nggunggung dhiri  
Aja raket lan wong ala  
Kang ala laku nireki  
Nora wurung ngajak-ngajak  
Satemen anulari

- Tinitah = ditekdirake
- Sira = kowe
- Nggunggung = muji/pujian
- Raket = cedhak/kraket
- Satemen = temenan

20. Isi tembang Kinanthi

- Tembang Kinanthi isine pitutur kanggo wong nom babagan adat waton, tata krama ing masarakat.

21. Cengkorongane sesorah = no 6

22. Mangsuli pitakon bab isi sesorah

Kudu paham apa kang dicritakake ana ing sesorah supaya bisa mangsuli pitakon

23. Isi pacelathon

- Pacelathon yaiku guneman kang dilakokake dening wong loro utawa lewih.

24. Unggah-ungguh basa = no 3

25. Mangsuli pitakon bab isi pacelathon

26. Tembang Gambuh

- Tembang Gambuh salah sijine tembang macapat.
- Tembang macapat duwe tata aturan pinangka paugeran sing kudu ditaati.
- Paugeran iku antarane guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.

- Guru gatra yaiku jumlah gatra/larik saben padane.
- Guru wilangan yaiku jumlahing wanda (suku kata) saben gatrane.
- Guru lagu yaiku tibaning swara pungkasan ing saben larike.

Tuladha :

***Gambuh***

Sekar gambuh ping catur  
 Kang cinatur polah kang kalantur  
 Tanpa tutur katula tula katali  
 Kadaluwarsa katutuh  
 Kapatuh pan dadi awon  
     Aja nganti kabanjur  
     Barang polah ingkang nora jujur  
     Yen kebanjur sayekti kojur tan becik  
     Becik ngupaya a iku  
     Pitutur ingkang sayektos

- guru lagu lan guru wilangan gatra kapisan = 7u
  - guru lagu lan guru wilangan gatra kalmia = 8o
- lsp

27. Crita wayang

Tuladha:

Begawan Durna uripe disubya-subya utawa diseneng-senengake dening Kurawa, mula luwih nggatekake Kurawa katimbang Pandhawa. Saliyane iku, menawa kadang Kurawa ora temen anggone meguru, dheweke ora wani nyeneni. Ora mung iku, apa bae karepe utawa panjaluke Kurawa tansah diiyani utawa dituruti.

Isine punggelan crita ing dhuwur : Begawan Durna uripe disenengake dening Kurawa.

28. Pasangan Aksara Jawa = no 9

29. Isi tembang Pangkur

- Materi = no 10

***Sekar Pangkur***

Kalamun ana manungsa  
 Anyinggahi dugi lawan prayogi  
 Iku wateke tan patut  
 Awor lawan wong kathah  
 Wong dagsura ndaludur tan wruh ing edur  
 Aja pedhak-pedhak  
 Nora wurung neniwasi

- Isine tembang ing dhuwur yaiku aja kekancan karo wong kang nduweni watek ala lan ora ngerti tata krama.

30. Crita legendha yaiku dongeng kang nyritakake dumadine papan panggonan.

Tuladha : legenda Rawa pening, legendha Tangkuban Prau, legendha Salatiga, Asal-usul Desa Nglimut Kendal, Dumadine Kutha Semarang, lsp.

31. Crita Prastawa Budhaya

- Prastawa budhaya iku biyasane gandheng karo tradisi kang dileksanakake kanthi ajeg, terus-terusan, lan turun-tumurun.

### 32. Crita wayang Gathutkaca Gugur

Getih kang metu saka anggane Raden Gathutkaca ndadekake mendhung ing angkasa dadi abang branang. Ragane Raden Gathutkaca tumiba ing Tegal Kurusetra. Adipati Karna kang kaprunggu swara kaya bledheg kang ngampar-ampar, metu saka kreta nyawang kahanan kang wis kelakon. Raden Gathutkaca nemahi palastra ing madyaning Tegal Kurusetra dadi satriya utama.

### 33. Cengkorongane sesorah

- Salam pambuka  
Assalamu'alaikum wr wb, sugeng enjang/sugeng siang/sugeng sonten.
- Atur pakurmatan  
Ingkang kinurmatan Koorwilcam Dindikbud Karangmoncol  
Ingkang kula urmati Kepala SD N 1 Tamansari  
Ingkang kula urmati Bapak lan Ibu Guru  
Lsp
- Atur puji sokur marang Gusti  
Mangga, sesarengan kita ngonjukaken puji sokur dhumateng ngarsanipun Gusti allah ingkang tansah paring kanugrahan lan kanikmatan dhateng kita, saengga ing wekdal punika kita saged kempal lan pepanggihan kanthi kawontenan sehat wal afiat. lsp
- Wosing/isining sesorah  
Kepareng matur, kula pinangka wakilipun adhik-adhik kelas ingkang sekedap malih badhe katilar dening kakak-kakak kelas jalaran sampun lulus lan ngrampungaken pasinaon wonten ing SD N 1 Tamansari ngriki, ingkang sepindhah kula dherek seneng lan ngucapaken selamat Jalan. Mugi-mugi wonten ing SMP....lsp
- Panutup  
Makaten ingkang saged kula aturaken. Kathah kekirangan lan kalepatan anggen kula matur, kula nyuwun pangapunten.....lsp
- Salam panutup  
Wassalamu'alaikum wr wb

### 34. Crita pengalaman

- Kabeh wong mesthi duwe pengalaman.
- Pengalaman mau bisa kedadeyan kang nyenengake utawa nyedihake.
- Tuladha crita pengalaman kang nyenengake:
  - Ulang tahunku
  - Piknik ning Gembira Loka Zoo
  - Dus-dusan ning kali  
Lsp
- Tuladha crita pengalaman kang nyedihake:
  - Dioyak kucing galak
  - Ketinggalan bis  
Lsp

### 35. Isi sesorah ( dipasake karo tujuan sesorah )

Tuladha:

Kula minangka adhik kelas, ngaturaken slamet kagem Mas saha Mbak kelas VI ingkang sampun lulus sedaya kanthi biji ingkang sae. Sedaya kala wau, awit saking panggulawentahipun sedaya Bapak/Ibu Guru utamanipun Ibu Guru Saraswati ingkang ngasta kelas VI ingkang tansah sabar anggenipun mbimbing para siswa.

Isi sesorah ing dhuwur yaiku ngucapake slamet kanggo siswa kls VI.

36. Nggunakake sandhangan Panyigeg Wanda

KATA	PENULISAN	Akhiran	
Layar	ꦭꦪꦫ	_r	
Wignyan	ꦮꦶꦁꦤꦺꦤ	_h	
Cecek	ꦚꦺꦕꦺꦏ	_ng	
Pangkon	ꦥꦁꦏꦺꦤ	Mematikan huruf di akhir kata	

37. Pitutur becik crita wayang Pandhawa

Tuladha

Raden Werkudara tanggap ing sasmita banjur mbedhol wit ringin gedhe baget. Nalika weruh Raden Werkudara mbedhol wit gedhe, para Kurawa ngira yen Raden Werkudara ngamuk. Nanging wit gedhe kuwi mau digawa Raden Werkudara kanggo payung agung.

Bareng dipayungi wit ringin gedhe, Resi Bisma ngucapake panuwun marang Pandhawa lan paring pangestu muga-muga Pandhawa unggul yuda. Sabanjure Resi Bisma gugur. Dewi Wara Srikandi lan Pandhawa pada sungkem senadyan ta Resi Bisma kuwi musuh ing paprangan, ananging kepriyea wae Resi Bisma kuwi isih sesembahane Pandhawa.

Pitutur becik crita wayang ing dhuwur yaiku jujur, seneng tetulung sanajan marang mungsuh, kurmat marang wong kang luwih tuwa, lsp.

38. Gawe ukara pitakon manut crita

- Gawe ukara pitakon kudu diwiwiti nganggo tembung pitakon lan dipungkasi nganggo tandha pitakon kayata:
    - Apa
    - Kapan
    - Geneya
- Lsp

39. Gawe salah sijine bagiyane sesorah dipasake karo acara kang dilaksanakake  
Tuladhane = no 33



U

O

o | 0

உருவியல்

bvumili

2